

**1 ENFÒMASYON SOU ELÈV**

Paran/Elèv : Tanpri pran tan w pou w byen li enfòmasyon nou mete pi ba a. Kontakte pèsonèl nan lekòl ou ye a pou bay li enfòmasyon resan pou paj sa a.

Siyati elèv la	Non elèv la	# ID elèv la	
Dat nesans	Sèks	Non-DBN lekòl presegondè lokal nan sektè a	
Adrès kay elèv la	# Apatman an	Borough	Kòd postal
Siyati Paran/Gadyen legal	Non Paran/Gadyen legal	Telefòn	

**2 ENFÒMASYON AKADEMIK**

Paran/Elèv : Tanpri pran tan w pou w byen li enfòmasyon nou mete pi ba a. Kontakte pèsonèl nan lekòl ou ye a pou bay li enfòmasyon resan pou paj sa a.

Klas elèv la ap fè kounye a	Klas ofisyèl	Non-DBN lekòl elèv la ye kounye a
Non-DBN lekòl elèv la ye kounye a		
Arts lang angle English Language Arts (ELA) :		
Dat egzamen an :	Nòt :	Nivo :
MATEMATIK :		
Dat egzamen an :	Nòt :	Nivo :
Kalifye pou Sèvis Edikasyon espesyal		
Èske elèv la bezwen yon lokal ki gen aksè pou chèz woulant?		
Kalifye pou Sèvis bileng ak Sèvis pou moun k ap aprann angle kòm dezyèm lang English as a Second Language (ESL) :		
Dat egzamen Eta Nouyòk bay pou detèmine kompetans moun nan angle kòm dezyèm lang New York State English as a Second Language Aptitude Test (NYSESLAT) :	Nivo :	
Ane nan lekòl kote yo anseye nan lang angle :	Lang yo pale lakay elèv la :	

**3 EVALYASYON AKADEMIK – SE SÈL LEKÒL KI POU EKRI NAN PATI SA A**

**Lyezon pou lekòl presegondè :** Pèsonèl lekòl la dwe ranpli Seksyon sa a anvan lekòl la soumèt aplikasyon sa a nan Biwo minisipal pou Enskripsyon Borough Enrollment Office (BEO).

- 1) Tanpri verifye si yo antre tout chanjman yo nan ATS anvan w soumèt aplikasyon sa a ba BEO pou li fè fòmalitye pou apwouve l.
- 2) Yo dwe ajoute nòt final kanè Jen 2009 yo nan aplikasyon sa a anvan yo soumèt aplikasyon sa a ba BEO.

Prezans elèv la lekòl ke yo ekri nan ATS :	Jou absans :	Jou reta :
<small>(Akòz grip H1N1, yo dwe fè rapò sou prezans pou peryòd Septanm 2008 jiska Mas 2009 sèlman.)</small>		

Èske gen sikonstans akseptab pou eksplike absans yo?  Wi  Non

Si w reponn Wi, tanpri tcheke tout rezon ki ka eksplike :  poutèt li te malad  poutèt pwoblèm ki te genyen nan Fanmi an  Reta motive

**NÒT NAN KANÈ FINAL JEN 2009**

Non kou a	Klas
Matematik	
ELA	
Syans sosyal	
Syans	
Gwoup	
Gwoup	

**KÒMANTÈ PWOFESÈ A**

Non pwofesè a : \_\_\_\_\_

**Evalyasyon akademik** (chwazi yonn nan sa yo) :

Depase mwayèn  Mwayèn  Sipò an ti gwoup/Sipò pandan jounen lekòl pi long

Pèfòmans elèv : (antre chif 1 jiska 5 pou chak domèn sila yo – mete yon "1" pou yon domèn kote elèv la bezwen amelyore, yon "5" pou endike yon domèn kote elèv la gen gwo potansyèl.)

Fason elèv la abitye travay : \_\_\_\_\_ Fason elèv la abitye etidye : \_\_\_\_\_ Patisipasyon nan klas : \_\_\_\_\_

Devwadmezon : \_\_\_\_\_ Konpòtman : \_\_\_\_\_ Pèfòmans akademik : \_\_\_\_\_

**4 NON & SIYATI MOUN KI REPREZANTE LYEZON POU LEKÒL PRESEGONDÈ**

M ap sètifye ke mwen revize enfòmasyon nan aplikasyon sa a, epi mwen kwè yo presi epi yo kòrèk.

Non moun ki reprezante lyezon nan lekòl presegondè (tanpri ekri ak lèt detache) : \_\_\_\_\_ Siyati moun ki reprezante lyezon nan lekòl presegondè : \_\_\_\_\_ Dat : \_\_\_\_\_

## 5 CHWA LEKÒL DAPRE DISTRI OU TE ALE LEKÒL OSWA DAPRE DISTRI OU ABITE

Paran/Elèv : Tanpri pran tan w pou byen li enstriksyon nou mete pi ba a anvan w ranpli aplikasyon w lan.

### KALIFIKASYON :

- Nou tou deja enprime sou aplikasyon w lan lekòl ou kalifye pou w ale.
- Elèv yo kalifye pou aplike nan lekòl presegondè distri ki nan distri lekòl yo ale a epi, lè se pa sa, pou ale lekòl presegondè nan distri ki nan sektè yo abite a.
- Metsousa, ka gen lekòl sou aplikasyon w lan ki nan yon lòt distri, men kote elèv nan kèk distri (tankou pa w la) ka aplike. Sonje ke yo site sou aplikasyon w lan distri kote chak lekòl ye.
- Si yo pa site yon lekòl sou aplikasyon w lan, sa vle di ou pa kalifye pou aplike ladan l'oswa lekòl la gen pwòp pwosesis admisyon pa li. Tanpri gade lis ki nan do Anyè lekòl presegondè a pou detèmine lekòl sa yo ki gen yon pwosesis admisyon ki baze sou lekòl la. Si w enterese aplike nan yon lekòl sa yo, kontakte lekòl la dirèkteman. Pa chwazi lekòl — yo pa site nan aplikasyon w lan, etandone yo pa p konsidere yo.

#### Evalyasyon talan pou pwogram pou timoun douwe *Gifted and Talented (G&T)* nan *Mark Twain* ak nan **Distri 21:**

- Aplikan onivo tout vil la ki soumèt yon fòm nan biwo admisyon Mark Twain/Distri 21 pou mande pran egzamen an ap wè yo site de talan nan Aplikasyon pou chwazi lekòl presegondè Mark Twain for G&T (I.S. 239).
- Elèv Distri 21 ki soumèt yon fòm nan biwo admisyon Mark Twain /Distri 21 pou mande pran egzamen, ap wè tout pwogram talan Distri 21 yo te mande pou yo evalye yo nan Aplikasyon yo pou chwazi lekòl presegondè.
- Sèl elèv ki soumèt yon demann pou pran egzamen pou admèt yo nan pwogram talan ap gen swa pwogram talan Mark Twain swa pwogram talan Distri 21 parèt sou pwòp aplikasyon yo pou chwazi lekòl presegondè. Elèv ki pa soumèt yon demann pou pran egzamen pou antre nan Mark Twain/Distri 21 nan dat **28 oktòb 2009** oswa anvan pa p wè okenn nan pwogram *Magnet* talan Distri 21 nan Aplikasyon yo pou chwazi lekòl presegondè.

#### Pwogram yo amelyore onivo akademik *Academically Enriched Programs* nan **Distri 17, 18, 20, 22, 24, & 30 :**

- Elèv ki kalifye pou ale nan lekòl presegondè nan Distri 17, 18, 20, 22, 24 & 30 ki soumèt yon fòm pou mande pran egzamen OLSAT (pou pwogram yo amelyore onivo akademik *Academically Enriched* nan distri sa yo) ap wè pwogram sa yo nan pwòp aplikasyon yo pou lekòl presegondè.
- Elèv ki pa soumèt yon demann pou pran egzamen OLSAT nan dat **28 oktòb** oswa anvan pa p gen okenn nan pwogram yo amelyore onivo akademik *Academically Enriched* sou pwòp Aplikasyon yo pou chwazi lekòl presegondè.

### OU SOUMÈT YON FÒM POU MANDE PRAN EGZAMEN POU :

- Pwogram *Mark Twain for the Gifted and Talented* oswa Pwogram talan *Magnet* Distri 21
- Egzamen OLSAT pou pwogram *Academically Enriched* (Distri 17, 18, 20, 22, 24 & 30 SÈLMAN)

**Si w soumèt yon fòm pou mande pran yon egzamen, men ou pa wè pwogram ou chwazi ke w te mete nan fòm ou soumèt pou mande pran egzamen an, tanpri avize lekòl ou ye kounye a pou l kontwole sa a avèk BEO Distri ou ye a.**

### KOUMAN POU W RANPLI APLIKASYON AN :

- Klase lekòl yo, nan lòd ou pito yo, epi mete yon nimewo nan kazyè ki sou kote chak lekòl/pwogram pou tout pwogram pitit ou a kalifye ke w chwazi e ke li ta renmen ale. Tanpri al gade modèl pi ba a pou w gade fason pou w klase lekòl w ap site nan aplikasyon sa a. Modèl sa a ta pou yon elèv ki ale lekòl nan Distri 1, epi ki abite nan Distri 2, paegzanp.
  - Ekri "1" akote lekòl/pwogram ou ta pi renmen ale, "2" akote lekòl ou ta renmen ale an dezyèm si w pa jwenn premye a, "3" akote lekòl ou ta chwazi ale an twazyèm.
  - Ou ka chwazi klase tout lekòl/pwogram ki site nan aplikasyon an.
  - Sonje ekri ak lèt detache byen klè, epi sèvi ak yon plim ki gen lank ble oswa nwa. Nou pa p aksepte aplikasyon moun ki ekri ak kreyon.
- Lè w fin klase lekòl yo ann òd, yon paran/gadyen legal dwe siyen, epi mete dat yo siyen an nan Seksyon 6, "Non & Siyati "Paran/Gadyen legal."
- Tout elèv ki pa resewva yon òf pou ale nan yon lekòl li klase nan aplikasyon l pou lekòl presegondè, ap jwenn yon plas swa nan : (1) distri li te ale nan lekòl primè leta; swa (2) distri ki nan sektè li gen pou ale nan lekòl presegondè.

Klasman lekòl nan lòd elèv pito yo ↓	Distri	DBN lekòl la	Non lekòl/Non Pwogram
4	1	01M345	M345 The Collaborative Academy of Science, Technology and Language Arts Education
6	1	01 M 378	M378 School for Global Leaders
7	1		Community School
2	2		Middle School (J.H.S. 104)/M104 Special Progress
3	21	21K239	Mark Twain (I.S. 239) Magnet Program - Computer/Math
1	21	21K239	Mark Twain (I.S. 239) Magnet Program - Vocal



## LIS POU TCHEKE LÈ W AP RANPLI APLIKASYON POU ADMISYON NAN LEKÒL PRESEGONDÈ POU ANE AKADEMIK 2009/10

### ÈSKE W SONJE :

- Tounen gade nan Anyè Distri pou lekòl presegondè enfòmasyon sou lekòl ak pwogram ki sou aplikasyon an?
- Tounen gade Seksyon 1, "Enfòmasyon sou elèv" ak Seksyon 2, "Enfòmasyon akademik" pou w sèten enfòmasyon yo presi?
- Enfòmasyon lekòl ou ye a osijè enfòmasyon ki chanje nan Seksyon 1 ak 2, si sa aplikab?
- Pa ekri anyen nan Seksyon 3, "Evalyasyon Akademik" ak 4, "Non & Siyati moun ki sèvi pou lyezon nan lekòl presegondè"?
  - Pwofesè w ak pèsonèl lekòl la va konplete seksyon sa yo.
- Ranpli Seksyon 5, "Lekòl w ap chwazi yo"?
  - Li ransèyman yo, epi tounen byen gade modèl la anvan w klase lekòl yo nan lòd ou pito yo. Pa chwazi lekòl – yo pa site nan aplikasyon etandone yo pa p konsidere yo.
- Ranpli Seksyon 6, "Non ak Siyati Paran/Gadyen legal"?
  - Dwe gen sou Aplikasyon yo yon siyati ak yon dat.
- Ranpli aplikasyon an avèk yon plim ki gen lank ble oswa nwa; nou p ap aksepte aplikasyon yo ranpli ak kreyon

Moun dwe voye poze yon BEO lokal lòt kesyon osijè kalifikasyon pou lekòl presegondè nan Vil Nouyòk. Ou ka jwenn yon lis biwo sa yo pa anndan po dèyè Anyè lekòl presegondè a, oswa sou Entènèt sou sit wèb

<http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/NewStudents/Borough+Enrollment+Offices.htm>.

### SONJE :

Voye aplikasyon pou lekòl primè a lè w fin ranpli l nan dat **Madi, 15 desanm 2009 oswa anvan.**

